



---

**FALKLAND ISLANDS GOVERNMENT &**

---

---

**BRITISH FORCES SOUTH ATLANTIC ISLANDS**

---

---

**JOINT STATEMENT**

---

Executive council yabvumirana kubvisa mutemo wekufambidzana pakati pe stanley ne MPC

Vatungamiri venyika(Executive Council )nhasi yabvumidza kurerutsa matanho ekufamba pakati peMPC neStanley, maringe nemamiriro akaita COVID-19 muFalkland Islands.

Mitemo yaiva pakati pe avo vari kuMPC neavo vakange vamboshanya kuenda ku MPC yose yabviswa maringe ne FIGAS neWorkboat Services.

Iyi wirirano yakaitatwa mushure mekuongorora kuti hapana humbowo hwekuti COVID-19 iripo muFalkland Islands, naizvozvo vaona zvakakodzera kubvisa mitemo iyi.

Kubva chishanu 19 chikumi FIG pamwe ne BFSAI, vaita ongororo inosvika 981; izvi zvizhanganisira maswab akaitwa mumavhiki maviri apfuura, pakaratidza kuti hapana mhunhu akabatwa aine hutachiwona hweCOVID-19. Ikozvino kwaperama mazuva makumi mashanu kubvira pane akawanikwa anehutachiwana uhu.

Panguva yose iyi yavaiita ongororo idzi yaive nguva yekutora matanho ekuti mitemo irerutswe neFIG kubva nhasi kune vanhu vane njodzi yakanyanya yekubatira chirwere ichi, mahotera, zvimbo yekuona bisikopu uye kunotambira vana. BFSAI ine yayo gadziriso munzvimbo yeMPC.

Vanhu vane njodzi huru vanofanirwa kuva vane chivimbo kuti pakupedzisira vakwanise kuve vaka sununguka kusangana ne hama ne shamwari . Kana paine munhu anonzwa achinetseka, achiremerwa kana kutya pamusoro pekurerutswa kwaitwa mitemo iyi, ndapota taura neKEMH kuti ubatsirwe.

Mukuru wechipatara (Chief Medical Officer )akaraira kuti njodzi yeCOVID-19 irikuonekwa seinenge isipo uye zano kubva kunaGweta gurun(Attorney General)rinosimbisa kuti hapasisina chikonzero chekurambidza vanhu kufamba.

Vakuru venyika(Executive Council )vakati Hurumende ichaenderera mberi nekupa humbowo hwakakodzera nezvekudyidzana munharaunda uye maitiro akanaka ehutano hweveruzhinji, sezvo izvi zvizhiramba zvakakosha kuti zviitwe nenyaya yeCOVID-19. Mukuramba tichiedza kuchengetedza utano pakusangana nevamwe munharaunda tichikwanisa kubatsirana kudzivirira kutapurirana kwechirwere ichi zvinova zvinosanganisira, kuvhara muromo kana uchikosora kana kuhetsura, kugara pamba uye kutaura neve KEMH kana usiri kunzwa zvakanaka kana ukuita zviratidzo zve flu, uye kuenderera mberi nekuita maswab.

Tinofanira kuziya kuti FIG neBFSAI vane simba rekudzorera mitemo yekufambidzana yanga iripo pasina nguva.

BFSAI vataridza kufara zvikuru pamusoro pekubviswa kwaitwa mitemo yekufambidzana svondo rino. BFSAI ichave ichikoshesawo mimwe mitemo mukati menharaunda yeMPC , kuitira kuti basa riitwe nemazvo uye kupa rubatsiro kuvanhu vose, mayererano nehupenyu hwanhasi.

Maringe neshoko iri, BFSAI vanogona kupa imwe nzvimbo vagari vayo vhiki ino; nekudaro, vachaedza kudzikisa huwandu hwevashanyi vemaoto kuStanley.

Zvirokwazvo hama neshamwari dziri muIslands vakaparadzaniswa nekuda kwematanho ekufambisa vachakwanisa kubatana. Uyezve, BFSAI contract Management ichaziviswa kuti vashandi vavo vanogona kutangazve kufamba kana kuenda kumabasa sezvo zvave kubvumidzwa.

Mukuenderera mberi pachiri nehurukuro dziri kuenderera mberi mukati me BFSAI kuitira kugadzira kurarama kwakanaka muupenyu hwanhasi. Kugara kure nevamwe uye kuongororwa (swabbing) ichaenderera sezvakarongwa.

Royal Falkland Islands Mapurisa vanoyeuchidza vanhu vangangove vasina kushandisa mugwagwa weMPC kwenguva kuti vatarise zvakananyanya munguva ino yechando. Vanofambisa uye vatyairi vematekisi vanofanirwa kuramba vachirangira mitemo yakaiswa ne FIG maererano ne COVID-19.

BFSAI neFIG vanoda kutenda rutsigiro kubva kune vanhu nemabhizinesi munharaunda dzose dzakagamuchira zvisungo izvo zvakaita kuti zvibatsire vagare vemunharaunda yedy , kunyangwe zvazvo zvainge zvakaoma. izvi ne mamwe matanho akatorwa zvinoratidza kuti zvakabatsira Zvikuru nyika yedu (Falkland Islands)kuti isvike panzvimbo yairi nhasi.

Executive Council yakacherechedzawo kuti kupinda muIslands panguva ino ne ndege uye nezvikepe kune njodzi huru ,nazvozvo vakaona zvakanakosha kugadzira matanho ekuti vanhu ava vagare kwavo vega ,FIG pamwe neBFSAI vakaona kuti ndizvo zvinhu zvakanakosha zvekudzivirira.

Pamusoro peizvi, kutariswa hutachiwana muvanhu zvichitsigirwa nekuziwa mafambiro anenge aita munhu zvakanakosha kudzivirira kupararira kwe hutachiwona. Kuongororwa kweCovid nemaswab kucharamba kuchiitwa munharaunda mbiri idzi.

Murerutswa kwakaitwa mitemo neFIG kuvanhu vane njodzi yakanyanya, mabhizinesi emahotera, nzvimbo yekuona mabasikopu, uye kushandiswa kwenzvimbo dzekutamba, Hurumende uye Nhengo dzedare reMutemo vanoda kutenda avo vese venhengo dzeveruzhinji pamwe nevemabhizinesi munharaunda nekutsigira uye kuve nemoyo murefu mumwedzi mitatu yadarika.

Zvimwe zvirongwa

Kutariswa kwemasoja emuviri

Chipatara cheKEMH ikozvino chava pachinzvimbo chekuita danho rekutanga reSARS-CoV-2 antibody testing(kutarisa masoja emuviri), ichitsvaga hutachiona hwehutachiona uhu hunokonzera COVID-19.

Nhengo dzeruzhinji dzinoda kutariswa masoja aya dzinogona kutaura neve KEMH pakati pa 10 mangwanani kusvika 12 masikati, Muvhuro kusvika Chishanu, svondo rino, vosiya zita ravo nenhamba dzefoni patafura yezvitemo.

Nhengo yechipatara inozobvunzana nemurwere kuti vataure zvikonzero zvekukumbira kuongororwa kwehutachiwona . Kana vaona zvakakodzera kuti ongororo iyi iitwe, muuchapihwa nguva ne musi wamuchatarisirwa kuuya kuzotorwa ropa kuti riongororwe zvine maringe nechikumbiro ichi.

Kutakurwa kweavo vari kufungirwa kuti vane COVID-19 vari ku west nema Islands akatenderedza

FIG vange vachishanda neWorkboat Services Ltd kuumba chironzwa chekuendeswa varwere vanogona kunge vaine neCOVID-19 kubva kuWest Falkland pamwe nema Islands akatenderedza kuti vauye kuKEMH muStanley.

WBS yakasimbisa kuti pachinge paite urwere hwakakomba zvikuti munhu anoda chipatara nekukasika zvinoita murwere anogona kutakurwa ari panzimbo iya ino chengeterwa motikari muchikepe (deck) cheConcordia Bay.

Zvichinge zvaitika kuWest Falkland, murwere ane nezviratidzo zveCOVID-19 anoongororwa nachiremba (angangove aripo auya neFIGAS)uye zvaonekwa zvakakodzera kuti murwere anodachipatara anoenda kunzvimbo inokwirirwa chikepe kuWest Falkland.

Ikoko achasvika achiiswa muambulensi Iyo inenge ine mumiririri wechipatara.

Basa riri kuenderera mberi kutsvaga nzira dzekufambisa mumamiriro ezvinhu akafanana neidzi kubva kuma Island kuenda kuStanley kuburikidza neConcordia Bay.

Izvi zvichaitwa nekugadzira nzvimbo yakasununguka kubva kune veruzhinji (Isolation pod) munzvimbo iya inochengetwa motokari kuchikepe (deck) zvichitungamirirwa nana chiremba. Nzvimbo iyi ( isolation pod) iri kutogadzirwa parizvino pamwe tichiedza kutsvaga dzimwe nzira dzakafanira munguva inotevera. Muhurongwa uhu mamiriro ekunze akanaka achange akakosha kuti izvi zviitike.

FIGAS haigone kushandiswa kufambisa varwere vangangove neCOVID-19.